

**Prè Pwogram Pwoteksyon Salè (PPP) Dezyèm Tiraj:  
Kijan yo Kalkile Rediksyon Revni ak Kantite Lajan Prè Maksimòm avèk Dokiman  
pou Bay**

Administrasyon Ti Biznis (SBA), nan tèt kole avèk Depatman Trezò a, ap bay tou dènye konsèy sa a pou ede biznis yo kalkile depans pewòl yo (ak dokiman enpòtan obligatwa yo pou sipòte chak seri kalkil) pou yo ka detèmine kalifikasyon yo ak kantite lajan maksimòm pou yon Dezyèm Tiraj Prè PPP.

Kreditè ak moun ki bezwen prete ka baze yo sou konsèy dokiman sa founi sou entèpretasyon SBA fè sou Lwa CARES la ak sou Lwa Final Enterimè Pwogram Pwoteksyon Salè a. Gouvènman ameriken an pa pral mete opozisyon sou aksyon moun ki ap prete lajan PPP ki swiv konsèy sa yo<sup>1</sup> ak Règleman Enterimè Final yo ansanm ak tout lòt règleman ki vin efektif nan moman sa.

**Rediksyon revni**

- 1. Kesyon:** Ki sa ki se "resèt anvan taks" nan bi pou yo detèmine kalifikasyon pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj?

**Repons:** Pou yon **Biznis kap fè lajan**, resèt anvan taks gen ladan tout revni nan kèlkeswa fòm ou resevwa l oswa akimile l (annakò ak metòd kontablite antite a, sètadi akimilasyon oswa cash) soti nan kèlkeswa sous la, ki gen ladan nan lavant pwodwi oswa sèvis, enterè, dividand, pri lwaye, redevans, frè, oswa komisyon, mwens retou ak alokasyon men san gen ak pèt kapital apre taks. Tèm sa yo pote definisyon yo itilize ak rapòte sou fòm deklarasyon taks IRS yo.

Resèt anvan taks pa enkli sa ki annapre yo:

- taks yo kolekte epi remèt bay yon otorite taks si li rantre nan revni anvan taks oswa total, tankou lavant oswa lòt taks kolekte nan men kliyan (sa pa gen ladan taks preleve sou antrepriz la oswa anplwaye li yo);
- lajan ki soti nan tranzaksyon ant yon antrepriz ak afilye lokal oswa etranje li yo; ak
- kantite lajan yon ajan vwayaj, ajan imobilye, ajan piblisite, founisè sèvis jesyon konferans, ajan transpò oswa koutye dwann.

Tout lòt atik, tankou depans antrepriz sou kontraktè, ranbousman pou acha yon antrepriz sou kontra fè sou demann yon kliyan, revni investisman, ak depans pou anplwaye tankou taks pewòl pa dwe soti nan resèt anvan taks yo.

**Pou yon òganizasyon 501(c)(3) ki pap fè lajan, yon òganizasyon veteran 501(c)(19), yon òganizasyon medya ki pap fè lajan ki kalifye, yon òganizasyon 501(c)(6) ki kalifye, oswa yon òganizasyon maketing touristik ki kalifye**, resèt anvan vle di resèt anvan taks nan sans seksyon 6033 nan Kòd Revni Entèn 1986 la, ki se kantite lajan anvan taks òganizasyon an resevwa pandan peryòd kontablite ane a ki soti nan tout sous san rediksyon okenn frè oswa depans ki gen ladan, pa egzanp, pri machandiz oswa byen ki vann, frè fonksyonman, oswa depans nan touche, rasanble, oswa kolekte kantite lajan sa yo. Se konsa, "resi anvan taks" gen ladan, men se pa sa sèlman:

---

<sup>1</sup> Dokiman sa a pa gen fòs ak efè lwa san stati ak règleman li chita sou yo a.

- (i) kantite lajan anvan taks ou resevwa kòm kontribisyon, kado, sibvansyon, ak menm kantite lajan san rediksyon pou depans nan ranmase ak kolekte kantite lajan sa yo,
- (ii) kantite lajan anvan taks ou te resevwa kòm kotizasyon oswa evalyasyon nan men manm oswa òganizasyon afilye san rediksyon pou depans ki rive lè ou resevwa kantite lajan sa yo,
- (iii) Lavant oswa resèt anvan taks nan aktivite biznis (ki gen ladan aktivite biznis ki pa gen rapò ak rezon ki fè òganizasyon an kalifye pou egzanpsyon, revni apre taks la oswa pèt ou ka oblije deklare sou Fòm 990-T),
- (iv) kantite lajan anvan taks ou te resevwa ki soti nan vant byen san rediksyon pou frè oswa lòt baz ak depans nan vant, ak
- (v) kantite lajan anvan taks ou te resevwa kòm revni investisman, tankou enterè, dividand, pri lwaye, ak redevans.

Resèt anvan taks yon afilye pretè (sof si yon egzanpsyon afilyasyon aplike<sup>2</sup>) kalkile lè ou ajoute resèt brit antrepriz komèsyal la ak resèt anvan taks chak afilye.<sup>3</sup>

Pou plis enfòmasyon sou sa ki konstitye resèt anvan taks an fonksyon tip antite, gade FAQ 5 anba a.

- 2. Kesyon:** Pou tout kalite antite (pa egzanp, biznis kap fè pwofi ak òganizasyon ki pap fè pwofi), èske "resèt anvan taks" gen ladan lajan prè PPP yo padonnen (oswa avans EIDL)?

**Repons:** Non. Kantite nenpòt padon prè PPP Premye Tiraj oswa nenpòt avans EIDL, ki pa sijè a taks sou revni federal, pa rantr nan kalkil "resèt anvan taks" lan.

- 3. Kesyon:** Ki peryòd referans yo ka itilize pou detèmine si aplikan an ka demontre omwen yon 25 pousan rediksyon resèt anvan taks pou li kalifye pou yon prè PPP Dezyèm Tiraj?

**Repons:** Peryòd referans kòrèk yo depann de depi kilè moun kap aplike a nan biznis:

- Pou tout aplikan yo, eksepte moun ki satisfè kondisyon ki endike anba yo, aplikan an dwe pwouve resèt anvan taks nan nenpòt trimès kalandriye 2020 yo te omwen 25 pousan pi ba pase menm trimès 2019 la. Altènativman, aplikan yo ka konpare anyèl resèt anvan taks ane a pou 2020 ak resèt anvan taks ane an pou 2019 si yo te nan biznis nan lane 2019.
- Pou antite ki pa nan biznis pandan premye ak dezyèm trimès 2019 yo, men ki fonksyone pandan twazyèm ak katyèm trimès 2019 yo, Aplikan yo dwe demontre resèt anvan taks nan nenpòt trimès 2020 yo te omwen 25% pi ba pase twazyèm oswa katyèm trimès 2019 yo.

---

<sup>2</sup> Gade sou-seksyon (d) règ pwovizwa final la ki gen tit "Chanjman Tanporè nan Pwogram Prè Biznis; Prè Dezyèm Tiraj Pwogram Pwoteksyon Salè" ki afiche sou sit entènèt SBA nan dat 6 janvyè 2021 (86 FR 3712).

<sup>3</sup> Si yon pretè akeri yon afilye oswa yo akeri li kòm yon afilye pandan lane 2020, resèt anvan taks gen ladan resèt antrepriz li achte a oswa kap fè akizisyon an. Agregasyon sa aplike pou tout peryòd mezi a, pa sèlman peryòd la apre afilyasyon an kreye. Sepandan, si yon antrepriz te akeri yon divizyon yo ka separe nan yon lòt antrepriz komèsyal pandan ane 2020 an, resèt anvan taks pa gen ladan resèt divizyon yo akeri a anvan akizisyon an. Menm jan an tou, resèt anvan taks yon ansyen afilye pa rantr ladan. Retrè resi anvan taks ansyen afilye sa yo aplike pandan tout peryòd mezi a, olye sèlman pou peryòd apre afilyasyon an sispann. Sepandan, si yon pretè lajan te vann yon divizyon separe pandan lane 2020, resèt anvan taks yo ap kontinye gen ladan resèt divizyon yo te vann lan. Tout tèm nan paragaf sa a gen siyifikasyon IRS ba yo.

- Pou antite ki pa nan biznis pandan premye, dezyèm, ak twazyèm trimès 2019 yo fonksyone pandan katriyèm trimès 2019 la, Aplikan yo dwe demontre resèt anvan taks yo nan nenpòt trimès nan 2020 yo te omwen 25% pi ba pase katriyèm trimès 2019 lan.
- Pou antite ki pa te nan biznis pandan ane 2019 la men te fonksyone nan dat 15 fevriye 2020, Demandè dwe demontre resèt anvan taks yo nan dezyèm, twazyèm, oswa katriyèm trimès 2020 yo te omwen 25% pi ba pase premye trimès 2020 an.

**4. Kesyon:** Ki dokiman mwen bezwen bay pou konfime antite mwen an te kenbe omwen yon rediksyon 25 pousan nan resèt anvan taks?

**Repons:** Sa ki anba la yo se premye seri dokiman Aplikan yo ka bay pou jistifye sètifikasyon yo pou 25 pousan rediksyon nan resèt anvan taks yo a (Yon sèl seri obligatwa):

- Deklarasyon finansye chak trimès pou antite a. Si deklarasyon finansye yo pa odite, aplikan an dwe siyen epi mete dat sou premye paj deklarasyon finansye a ak inisyas li tout lòt paj yo, pou konfime yo kòrèk. Si deklarasyon finansye yo pa idantifye byen espesifik, atik liy lan (yo) ki reprezante resèt anvan taks yo, Aplikan an dwe sinyal eak yon nòt ki atik liy lan (yo) ki konstitye resèt anvan taks.
- Atestasyon labank chak trimès oswa chak mwa pou antite ki montre depo ki soti nan trimès ki enpòtan yo. Aplikan an dwe ekri yon nòt, si li pa klè, ki depo ki nan lis sou atestasyon bank lan ki konstitye resèt anvan taks (egzanp, lajan ki peye pou acha machandiz ak sèvis) epi ki pa (egzanp, enjeksyon kapital).
- Deklarasyon Taks revni IRS antite a chak ane (obligatwa si yap itilize yon peryòd referans anyèl). Si antite a poko fè deklarasyon taks pou 2020, Aplikan a dwe ranpli fòm deklarasyon yo, kalkile valè resèt anvan taks konsène a (gade Kesyon 5), epi siyen epi mete dat deklarasyon an, pou konfime valè yo ki antre nan kalkil resèt anvan taks yo se menm valè yo ki pral deklare sou deklarasyon taks antite a.

**5. Kesyon:** Si mwen itilize deklarasyon enpo sou revni ane antite mwen an pou demontre yon rediksyon resèt anvan taks omwen 25 pousan, ki kantite lajan mwen ap itilize pou kalkile resèt anvan taks?

**Repons:** Kantite lajan obligatwa pou kalkile resèt anvan taks la varye selon tip deklarasyon taks antite a:<sup>4</sup>

---

<sup>4</sup> Nenpòt nan bagay sa yo ki rantr nan liy espesifik fòm taks yo dwe soti nan kalkil la epi note sou deklarasyon an: taks yo kolekte epi yo remèt bay yon otorite taks si yo ajoute nan revni anvan taks oswa total (tankou lavant oswa lòt taks kolekte sou kliyan ak andeyò taks preleve sou antrepriz la oswa anplwaye li yo); montan ki soti nan tranzaksyon ant yon antrepriz ak afilye lokal oswa etranje li yo; ak kantite lajan yon ajan vwayaj, ajan imobilye, ajan piblisite, founisè sèvis jesyon konferans, komisyonè transpò oswa koutye ladwan kolekte pou yon lòt. Sak espesyal pou deklarasyon taks ki gen ladan taks sou lavant kòm revni epi apre kòm yon dediksyon, se pou anote akote liy "taks ak lisans" nan, deklarasyon mountant taks sa yo ki te rantr nan revni.

- Pou moun ka travay ak tèt yo ki pa kiltivatè ak elvè (IRS Fòm 1040 Schedule C): sòm liy 4 ak liy 7<sup>5</sup>
  - Pou kiltivatè ak elvè kap travay ak tèt yo (IRS Fòm 1040 Skedil F): sòm liy 1b ak 9
  - Pou patenarya (Fòm IRS 1065): adisyon liy 2 ak 8, mwens liy 6<sup>6</sup>
  - Pou S-Kòporasyon (Fòm IRS 1120-S): adisyon liy 2 ak 6, mwens liy 4<sup>7</sup>
  - Pou C-Kòporasyon (Fòm IRS 1120): sòm liy 2 ak 11, mwens sòm total liy 8 ak 9
  - Pou òganizasyon san bi likratif (Fòm IRS 990): sòm total liy 6b(i), 6b(ii), 7b(i), 7b(ii), 8b, 9b, 10b, ak 12 (kolòn (A)) nan Pati VIII
  - Pou òganizasyon san bi likratif (IRS Fòm 990-EZ): sòm liy 5b, 6c, 7b, ak 9 nan Pati I.
  - LLC yo ta dwe swiv enstriksyon ki aplike nan estati deklarasyon taks yo nan peryòd referans yo.
6. **Kesyon:** Mwen aplike pou yon dezyèm kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ki plis pase \$150,000. Kilè mwen bezwen bay dokiman ki pwouve rediksyon an nan resèt anvan taks?
- Repons:** Pou yon kantite lajan Prè PPP Dezyèm Tiraj ki plis pase \$150,000, aplikan an dwe bay dokiman ki pwouve rediksyon an nan resèt anvan taks ansanm ak Fòm Aplikasyon Pretè Dezyèm Tiraj li yo (SBA Fòm 2483-SD oswa fòm ekivalan kredite a). Dokimantasyon yo dwe jistifye kantite lajan yo bay nan aplikasyon an.
7. **Kesyon:** Mwen se yon aplikan pou yon prè PPP Dezyèm Tiraj \$150,000 oswa mwens. Kilè mwen bezwen bay dokiman ki pwouve rediksyon an nan resèt anvan taks?
- Repons:** Pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj \$150,000 oswa mwens, pretè lajan an dwe bay dokiman ki pwouve rediksyon nan resèt anvan taks la oswa nan moman pretè lajan an ap chache padon prè (oswa sou demann SBA). Dokimantasyon an dwe idantifye klèman tou de trimès referans yo (si li pa itilize konparezon anyèl), dwe genyen montan resèt anvan taks pou tou de trimès yo, epi jistifye montan yo bay yo. (Dokiman pewòl pou pwouve kantite prè ou mande a dwe toujou bay ak aplikasyon Prè PPP Dezyèm Tiraj la, gade pwochen seri Kesyon yo mande anpil nan dokiman sa a pou jwenn plis enfòmasyon.)
8. **Kesyon:** Èske mwen ka dokimante rediksyon mwen nan resèt anvan taks ak deklarasyon taks sou revni si antite mwen an deklare taks sou baz yon ane fiskal ki diferan de ane kalandriye a?
- Repons:** Antite ki itilize yon ane fiskal pou ranpli taks yo ka dokimante yon rediksyon nan resèt anvan taks ak revni taks sou revni sèlman si ane fiskal yo gen tout dezyèm, twazyèm, ak katyèm trimès nan ane kalandriye a (sètadi, gen yon ane fiskal ki kòmanse nan dat 1 fevriye, 1 mas, oswa 1 avril).
9. **Kesyon:** Mwen se yon moun kap travay ak tèt mwen ki kalifye pou itilize revni brit nan toulede Skedil C ak Skedil F pou kalkile kantite lajan prè a, ki jan pou mwen kalkile rediksyon pousantaj la nan resèt brit pou yon Prè PPP Dezyèm Tiraj?

<sup>5</sup> Si ou depoze plizyè fòm Schedle C sou menm Fòm 1040 la, ou dwe rantrè yot epi fè adisyon yo tout.

<sup>6</sup> Si li pa zero, ou dwe gen ladan tou Fòm 1065 Skedil K liy 3a, 5, 6a, 7, ak 11 ak Fòm 8825 liy 2.

<sup>7</sup> Si li pa zewo, ou dwe gen ladan tou Fòm 1120-S Skedil K liy 3a, 4, 5a, 6, ak 10 ak Fòm 8825 liy 2.

**Repons:** Ajoute resè brit pou biznis Skedil C ou ak resèt brit yo pou biznis Skedil F ou ansanm epi konpare sòm sa a ak sòm resèt brit ou pou resèt brit biznis Skedil C ak Skedil F ou pou peryòd referans ou chwazi a (swa chak trimès oswa chak ane).

### **Maksimòm Prè PPP Dezyèm Tiraj**

Gid sa a dekri depans pewòl lèl sèvi avèk ane kalandriye 2019 kòm peryòd referans pou detèmine depans pewòl yo itilize pou kalkile kantite lajan prè yo. Sepandan, pretè yo gen dwa sèvi ak depans pewòl nan swa ane kalandriye 2019 oswa ane kalandriye 2020 pou kalkil kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj la.<sup>8</sup> Dokimantasyon, ki gen ladan fòm IRS, dwe apwovizyone pou peryòd referans yo chwazi a. Si yon pretè lajan ap itilize menm kredite a ak menm dèle pewòl la menm jan li te itilize pou Prè PPP Premye Tiraj li a epi li deja soumèt dokiman pewòl obligatwa bay kredite a, pa gen okenn dokiman pewòl adisyonèl ki dwe soumèt ak aplikasyon Prè PPP Dezyèm Tiraj la.

1. **Kesyon:** Mwen se yon travayè endepandan epi mwen pa gen anplwaye. Kouman pou mwen kalkile kantite lajan maksimòm Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an si mwen itilize pwofit apre taks? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm ou ka prete si ou se yon moun kap travay ak tèt ou epi ou pa gen anplwaye, epi rezidans prensipal ou se nan peyi Etazini, san bliye si w se yon antreprenè endepandan oswa ap jere yon entrepriz kòm sèl pwopriyetè epi ou itilize pwofit apre taks (men pa si se ou yon asosye nan yon patenarya):

- **Etap 1:** Jwenn kantite pwofi apre taks Fòm IRS 1040 2019 Schedule C liy 31 ou a.<sup>9</sup> Si kantite lajan sa depase \$100,000, bese l rive \$100,000. Si kantite lajan sa se zewo oswa pi piti, ou pa kalifye pou yon prè PPP.
- **Etap 2:** Kalkile kantite pwofi nèt mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye kantite pwofi apre taks mwayèn chak mwa nan Etap 2 an pa 2.5.<sup>10</sup>

Fòk ou remèt Fòm IRS 2019 1040 Schedule C ou an pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Ou dwe bay tou yon Fòm IRS 1099-MISC 2019 kap bay detay sou konpansasyon moun ki pa anplwaye ou te resevwa (bwat 7), Fòm IRS 1099-K fakti, eta kont bankè, oswa rejis ki montre ou te travay ak tèt ou nan lane 2019 ak yon fakti 2020, eta kont bankè, oswa rejis ki montre ou tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020.

---

<sup>8</sup> Tout eleman nan depans pewòl yo dwe soti nan menm ane sivil la. Depans pewòl, ki gen ladan benefis ki kouvri, ka rantre sèlman pou anplwaye ki gen prensipal adrès rezidans yo nan peyi Etazini.

<sup>9</sup> Si w ap itilize kantite lajan 2020 epi ou poko ranpli yon deklarasyon 2020, ranpli li epi kalkile valè a.

<sup>10</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou a nan sektè lojman ak sèvis manje (NAICS Kòd 72) ak kòd aktivite biznis ki rapòte sou dènye IRS Fòm 1040 Schedule C liy B a kòmanse ak 72.

2. **Kesyon:** Mwen se yon travayè endepandan epi mwen gen anplwaye. Kouman pou mwen kalkile kantite lajan maksimòm Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an (jiska \$2 milyon) si mwen itilize pwofi apre taks? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Ou dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm ou ka prete siw se yon moun kap travay ak tèt li ki gen anplwaye, tankou si ou se yon antreprenè endepandan oswa ap jere yon biznis ki pou ou sèlman epi ou itilize pwofi apre taks (men pa si ou se yon asosye nan yon patenarya):

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019 ou:
  - Kantite pwofit apre taks Fòm IRS 2019 1040 Schedule C liy 31;<sup>11</sup>
    - si kantite lajan sa depase \$100,000, bese l rive \$100,000;
    - si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan sa a nan zewo;
  - Salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon patwon 2019 pou asirans sante gwoup, vi, andikap, zye ak dan pou anplwaye (men pa asosye), si genyen (pòsyon nan Fòm IRS 1040 liy 14 ki ka atribiye nan kontribisyon sa yo);
  - Kontribisyon travay la pou 2019 pou plan retrèt anplwaye (Fòm IRS 1040 Schedule C liy 19); ansanm ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile kantite lajan depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye kantite depans pewòl mwayèn chak mwa nan Etap 2 an pa 2.5.<sup>12</sup>

<sup>11</sup> Si w ap itilize depans pewòl 2020 epi ou poko fè yon deklarasyon 2020, ranpli li epi kalkile valè a.

<sup>12</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou se nan sektè lojman ak Sèvis Manje ak kòd aktivite biznis rapòte sou dènye Fòm IRS 1040 Schedule C liy B a kòmanse ak 72.

Fòm IRS 2019 1040 Schedule C, Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo), ansanm ak papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan. dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

3. **Kesyon:** Mwen se yon moun kap travay ak tèt mwen ki rapòte revni mwen sou Fòm IRS 1040 Schedule F. Ki papye pou mwen bay nan plas Schedule C epi kijan kantite lajan prè maksimòm mwen an ap fikse (jiska 2 milyon)?

**Repons:** Kiltivatè ak elvè endepandan yo (sètadi, moun ki ranpli IRS Fòm 1040 Schedule F epi apre sa, rapòte revni Schedule F sou Fòm IRS 1040 Schedule 1) ta dwe itilize Fòm IRS 1040 Schedule F nan plas Schedule C.

Kalkil la pou kiltivatè ak elvè endepandan san yo pa anplwaye se menm bagay la pou depozan Schedule C ki pa gen okenn anplwaye, eksepte Schedule F liy 9 (revni anvan taks) yo ta dwe itilize pou detèmine kantite lajan prè a olye Schedule C liy 31 (pwofit apre taks).

Kalkil la pou kiltivatè ak elvè kap travay ak tèt yo se menm bagay ak deklaran Schedule C ki gen anplwaye ki gen plizyè eksepsyon. Premyèman, nan plas Schedule C liy 31 (pwofit apre taks), yo ta dwe itilize diferans ki genyen ant Schedule F liy 9 (revni anvan taks) ak sòm Schedule F liy 15, 22, ak 23 (pou pewòl anplwaye) ta dwe itilize.. Dezyèmman, kontribisyon patwon pou asirans sante gwoup anplwaye, lavi, andikap, zye ak dan (pòsyon nan Schedule F liy 15 ki atribiye pou kontribisyon sa yo) ak kontribisyon patwon pou kontribisyon retrèt anplwaye (Schedule F liy 23) yo ta dwe itilize nan plas liy korespondan sa yo sou Schedule C.

Kondisyon pou dokimantasyon yo se menm bagay la pou moun ki anrejistre Schedule C eksepte Fòm IRS 1040 2019 Schedule 1 ak Schedule F dwe akonpaye aplikasyon Prè PPP Dezyèm Tiraj la nan plas IRS Fòm 1040 Schedule C. Anplis de sa, pou kiltivatè ak elvè ki gen anplwaye, Fòm IRS 943 ta dwe bay anplis, oswa nan plas, Fòm Iras 941, jan sa aplikab.

4. **Kesyon:** Kijan patenarya aplike pou prè PPP Dezyèm Tiraj epi kijan kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj maksimòm lan kalkile pou patenarya (jiska \$2 milyon)? Eske revni asosye kap travay ak tèt yo dwe rantre nan aplikasyon Prè PPP Dezyèm Tiraj òganizasyon pwofesyonèl oswa sou aplikasyon prè PPP apa pou chak asosye? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Metòd annapre a dwe sèvi pou kalkile kantite lajan maksimòm yo ka prete pou patenarya (revni travay asosye kap travay ak tèt yo dwe rantre sou aplikasyon prè PPP patenarya, asosye endividyèl pa otorize aplike pou prè PPP apa):

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - Schedule K-1 2019 (Fòm IRS 1065) Salè apre taks ki soti nan travay endepandan chak asosye jeneral ki baze nan US ki dwe peye taks pou travay endepandan, multipliyè pa 0.9235,<sup>13</sup> jiska \$100,000 pou chak asosye;<sup>14</sup>
    - Kalkile salè apre taks ki soti nan travay endepandan patnè jeneral endividyèl baze nan peyi ameriken eki sijè a taks sou travay endepandan nan kare 14a, Kòd A nan Fòm IRS 1065 Schedule K-1 epi soustrè (i) nenpòt dediksyon depans seksyon 179 yo reklame nan kare 12; (ii) nenpòt depans patenarya ki pa ranbouse yo reklame; ak (iii) nenpòt rediksyon yo reklame sou pwopriyete petwòl ak gaz.
      - si kantite lajan sa a depase \$100,000 pou yon patnè, bese l rive \$100,000;
      - si kantite lajan sa a mwens pase zewo pou yon patnè, mete kantite lajan sa a nan zewo;
  - Salè ak tep anvan taks 2019 yo peye anplwaye ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini (si genyen), jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon patwon 2019 pou asirans sante gwoup, vi, andikap, zye ak dan pou anplwaye (men pa asosye), si genyen (pòsyon nan Fòm IRS 1065 liy 19 ki ka atribiye nan kontribisyon sa yo);
  - Kontribisyon patwon 2019 pou plan retrèt anplwaye (men pa asosye), si genyen (Fòm IRS 1065 liy 18); ansanm ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta), si genyen.

---

<sup>13</sup>Tretman sa swiv kalkil enpo pou moun kap travay ak tèt yo nan Fòm IRS 1040 Skedil SE Seksyon A liy 4 epi retire patisipasyon “travay” la nan enpo moun kap travay ak tèt yo, sa ki konsistan ak kijan yo detèmine depans pewòl pou anplwaye ki nan patenarya.

<sup>14</sup>Si patenarya a ap itilize frè pewòl 2020 epi Fòm 1065 pou lane 2020 poko fin ranpli, ranpli fòm lan.



- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.<sup>15</sup>

Fòm IRS 1065 2019 asosyasyon an (ki gen ladan K-1s) dwe bay pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj la. Si asosyasyon an genyen anplwaye, lòt papye sipò enpòtan, tankou Fòm IRS 2019 941 an ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa onivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo), ansanm ak dosye nenpòt kontribisyon asirans retrèt oswa sante gwoup, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP a. Yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 dwe founi pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa. Si patenarya pa gen anplwaye, yon fakti, etakont labank, oswa liv anrejistreman ki montre patenarya tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020 fèt pou bay li.

5. **Kesyon:** Kijan yo kalkile kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj maksimòm lan pou kòporasyon S ak kòporasyon C (jiska \$2 milyon)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm lan yo ka prete kòporasyon, tankou kòporasyon S ak C:

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - Salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon asirans anplwaye 2019 pou sante gwoup, lavi, andikap, vizyon ak dan (pòsyon nan Fòm IRS 1120 liy 24 oswa IRS Fòm 1120-S liy 18 ki atribiye nan kontribisyon sa yo);<sup>16</sup>

---

<sup>15</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou se nan sektè lojman ak Sèvis Manje ak kòd aktivite biznis yo rapòte sou dènye Fòm IRS 1065 Liy C a kòmanse ak 72.

<sup>16</sup> Remake byen, kontribisyon patwon pou sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan pou anplwaye S-Kòporasyon ki posede plis pase yon 2 pousan aksyon nan biznis la (oswa anplwaye ki se manm fanmi pwopriyete sa yo) yo pa rantre nan chif sa paske kontribisyon sa yo deja enkli nan salè anvan taks.

- Kontribisyon retrèt travay 2019 la (Fòm IRS 1120 liy 23 oswa Fòm IRS 1120-S liy 17); ak
- Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayen chak mwa nan Etap 2 pa 2.5.<sup>17</sup>

Fòm IRS 2019 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo eta pou chak trimès kòporasyon an (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo ansanm ak deklarasyon enpo biznis ki depoze (Fòm IRS 1120 oswa IRS 1120-S), ansanm ak lòt papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

6. **Kesyon:** Kijan kantite lajan prè PPP maksimòm lan kalkile pou òganizasyon kalifye ki pap fè pwofi (jiska \$2 million)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd apre a pou kalkile kantite lajan maksimòm yo ka prete òganizasyon ki pap fè lajan (enstitisyon legliz ki pap fè pwofi e ki kalifye, oswa lòt ki pap fè pwofi e ki kalifye san yon kondisyon pou ranpli Fòm IRS 990, ale nan kesyon apre a):

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - Salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon asirans anplwayè 2019 pou sante gwoup, lavi, andikap, vizyon ak dan (pòsyon nan Fòm IRS 990 Pati IX liy 9 ki atribiye nan kontribisyon sa yo);

---

<sup>17</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou a nan sektè akomodasyon ak sèvis manje ak kòd aktivite biznis la rapòte sou ki pi resan IRS Fòm 1120 Orè K, liy 2A (IRS Fòm 1120-S atik B) kòmanse ak 72.

- Kontribisyon retrèt travay 2019 la (Fòm IRS 990 Pati IX liy 8 ak
- Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.<sup>18</sup>

Fòm IRS 2019 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo eta pou chak trimès òganizasyon ki pap fè lajan yo (oswa dosye tretman pewòl ekivalan (oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo ak Salè), ansanm ak Fòm IRS 990 Part IX oswa lòt papye ansanm ak lòt papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa. Oganizasyon ki pap fè pwofli elijib ki ranpli Fòm IRS 990-EZ a dwe konte sou fòm sa a ak moun ki pa ranpli yon Fòm IRS 990 oswa 990-EZ, nòmalaman moun ki gen resi anvan taks mwens pase \$50,000, ta dwe wè kesyon apre a.

7. **Kesyon:** Kijan yo kalkile montan lajan prè PPP Dezyèm Tiraj pou enstitisyon legliz elijib ki pap fè lajan, òganizasyon veteran, ak biznis tribi (jisa \$2 milyon)? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm yo ka prete òganizasyon legliz elijib ki pap fè lajan, òganizasyon veteran ak biznis tribi:

- **Etap 1:** Fè adisyon annapre a pou kalkile depans pewòl 2019:
  - Salè anvan taks ak tep 2019 yo peye anplwaye ki gen prensipal adrès rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye yon anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon asirans 2019 anplwayè pou sante, vi, andikap, zye ak dan;

---

<sup>18</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou se nan sektè akomodasyon ak sèvis manje ak kòd aktivite biznis rapòte sou dènye Fòm IRS 990 Pati VIII a, kole ak liy 2A a kòmmanse ak 72.

- Kontribisyon retrèt travay 2019 ak
- Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 2:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.<sup>19</sup>

Fòm IRS 2019 941 Schedule C, Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Deklarasyon Salè IRS ak Enpo), ansanm ak papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

8. **Kesyon:** Mwen se yon pwopriyetè LLC. Kilès nan seri enstriksyon yo ki valab pou mwen?

**Repons:** LLC yo ta dwe swiv enstriksyon yo ki aplike nan estati deklarasyon taks yo nan peryòd referans yo itilize a pou kalkile depans pewòl (2019 oswa 2020) —sètadi., si LLC depoze a (oswa pral depoze) antanke yon antrepriz yon sèl pwopriyetè, yon patenarya, oswa yon sosyete nan peryòd referans lan.

9. **Kesyon:** Ki lòt dokiman yon demandè ka bay nan bi poul pwouve depans pewòl yo itilize pou kalkile kantite lajan ki aplike pou Prè PPP Dezyèm Tiraj la?

**Repons:** Yon aplikan ki founi Fòm IRS W-2s ak Fòm IRS W-3 oswa rapò tretman pewòl, tankou rapò taks chak twa mwa ak chak ane, nan plas Fòm IRS 941. Anplis de sa, anpil ti biznis ki ranpli yon fòm IRS 944 pou ane a oswa anplwayè agrikòl ki depoze yon fòm IRS 943 chak ane ta dwe konte sou epi bay Fòm IRS 944 oswa Fòm IRS 943 nan plas Fòm IRS 941.

Yon aplikan ka bay dosye li pran nan men yon administratè retrèt pou l dokimante kontribisyon retrèt anplwayè yo. Yon aplikan ka bay tou dosye ki soti nan yon konpayi asirans sante oswa administratè twazyèm-pati pou yon plan ki asire tèt li pou dokimante kontribisyon asirans sante patwon.

10. **Kesyon:** Kòman kantite lajan Prè PPP Dezyèm Tiraj maksimòm yo kalkile pou yon sosyete oswa yon òganizasyon ki pap fè lajan ki pa tap fonksyonè pandan peryòd yon ane plen anvan 15 fevriye 2020? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Yo ta dwe itilize metodoloji sa a pou kalkile kantite maksimòm ki ka prete:

---

<sup>19</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou nan sektè akomodasyon ak sèvis manje (kòd NAICS ki kòmanse avèk 72, pa egzanp, yon otèl, restoran, ba).

- **Etap 1:** Kalkile depans pewòl total depi lè li kòmanse fonskyone nan lane 2019 oswa 2020 jiska fen ane kalandriye 2020 ak adisyon sak apre yo:
  - Salè anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal adrè rezidans yo nan Etazini jiska \$100,000 pou chak anplwaye sou baz chak ane, sa ki ka kalkile avèk:
    - Fòm IRS 941 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès biznis lan tap fonksyonan,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$8,333, ak kantite mwa depi l ap fonksyone jiska 2020 ak (ii) tout kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon patwon pou asirans sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan;<sup>20</sup>
  - Kontribisyon retrèt travay; ak
  - Taks patwon eta ak lokal yo evalye sou konpansasyon anplwaye, sitou taks asirans chomaj eta a (ki soti nan fòm rapò salè chak trimès).
- **Etap 2:** Kalkile pri pewòl mwayen chak mwa (divize kantite lajan an soti nan Etap 1 pa kantite mwa fonksyònman soti 2019 pour rive fen 2020).
- **Etap 3:** Miltipliye depans pewòl mwayèn lan nan Etap 2 pa 2.5.<sup>21</sup>

Fòm IRS 2019 941 Skedil C, Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo leta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Deklarasyon Salè IRS ak Enpo), ansanm ak papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

- 11. Kesyon:** Mwen se yon travayè endepandan (oswa yon patenarya) e mwen ta fonksyone nan dat 15 fevriye 2020, men mwen pa tap fonksyone pandan peryòd yon ane plen anvan 15 fevriye 2020. Mwen te depoze oswa pral depoze yon Fòm 1040 Schedule oswa Schedule F (oswa Fòm 1065) pou 2020. Ki peryòd referans mwen ta dwe itilize pou kalkile kantite lajan Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an?

---

<sup>20</sup> Remake byen, kontribisyon patwon pou sante gwoup, lavi, andikap, zye ak dan pou anplwaye S-Kòporasyon ki posede plis pase yon 2 pousan aksyon nan biznis la (oswa anplwaye ki se manm fanmi pwopriyete sa yo) yo pa rantrè nan chif sa paske kontribisyon sa yo deja enkli nan salè anvan taks.

<sup>21</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou se nan sektè akomodasyon ak Sèvis Manje ak kòd aktivite biznis rapòte sou dènye deklarasyon taks sou revni ou (Fòm 1120 Skedil K, liy 2A pou kòporasyon, Fòm 1120-S atik B pou S-kòporasyon yo, ak Fòm 990 Pati VIII, kole ak liy 2A pou ONG) a kòmanse ak 72.

**Repons:** Nan ka sa a, kantite lajan maksimòm Prè PPP Dezyèm Tiraj ou a se pewòl mwayen chak mwa ki baze sou kantite mwa ou tap fonksyone soti 2019 rive nan fen ane kalandriye 2020, eksepte depans plis pase \$100,000 sou yon baz chak ane.

- **Etap 1:** Kalkile total konpansasyon pwopriyete ki aplikab pandan ane 2019 (sil tap fonksyone ane sa a) ak deklarasyon taks sou revni 2020:<sup>22</sup>
  - Pou **travayè endepandan ki anrejistre Skedil C ki itilize pwofi nèt** (kèlkeswa yo gen anplwaye ou pa), li se sòm total valè pwofit anvan taks Fòm 1040 Skedil C liy 31 an.
    - Si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan a zewo;
  - Pou **travayè endepandan ki anrejistre Skedil C san okenn anplwaye ki itilize revni brit**, li se sòm total valè revni brit Fòm 1040 Skedil C liy 7 la.
    - Si kantite lajan sa a se zewo oswa mwens pase zewo, ou pa elijib pou yon prè PPP Dezyèm Tiraj;
  - Pou **travayè endepandan ki anrejistre Skedil C ak anplwaye ki itilize revni brit**, li se sòm total diferans ki genyen ant kantite revni brit la sou Fòm 1040 Skedil C liy 7 ak depans pewòl anplwaye yo ki soti nan sòm total Fòm 1040 Skedil C liy 14, 19, ak 26.<sup>23</sup>
    - Si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan a zewo;
  - Pou **kiltivatè oswa elvè kap travay ak tèt yo e ki pa gen anplwaye**, li se sòm total valè revni anvan taks Fòm 1040 Skedil F liy 9 la.
  - Pou **kiltivatè oswa elvè kap travay ak tèt yo e ki gen anplwaye**, li se sòm diferans lan ant kantite lajan revni anvan taks sou Fòm 1040 Skedil F liy 9 ak depans pewòl anplwaye soti nan sòm total Fòm 1040 Skedil F liy 15, 22, ak 23.
    - Si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan a zewo.
  - Pou **patenarya**, li se sòm total salè aprè taks Skedil K-1 (Fòm IRS 1065) ki soti nan travay endepandan patnè jeneral endividyèl baze nan Etazini. e ki sijè a taks sou travay endepandan, miltipliye pa 0.9235.
    - Kalkile salè apre taks ki soti nan travay endepandan patnè jeneral endividyèl baze nan peyi ameriken eki sijè a taks sou travay endepandan nan kare 14a, Kòd A nan Fòm IRS 1065 Schedule K-1 epi soustrè (i) nenpòt dediksyon depans seksyon 179 yo reklame nan kare 12; (ii) nenpòt depans patenarya ki pa ranbouse yo reklame; ak (iii) nenpòt rediksyon yo reklame sou pwopriyete petwòl ak gaz. Si kantite lajan sa a mwens pase zewo, mete kantite lajan a zewo.

---

<sup>22</sup> Si ou pa te ranpli deklarasyon aplikab 2020 ou a, ranpli li.

<sup>23</sup> Nenpòt lòt depans pewòl anplwaye ki pa rapòte sou liy sa yo men ki enkli nan liy 28 depans total yo dwe retire tou nan revni brit la.

- **Etap 2:** Si kantite lajan ki soti nan Etap 1 a depase rezilta multiplikasyon \$8,333 ak kantite mwa fonsksyònman soti 2019 pou rive fen 2020, fikse li nan valè sa a.
  - Pou **patenarya**, plafon sa a aplike apa pou chak patnè jeneral.
- **Etap 3:** Si antite a gen anplwaye, antre kantite lajan yo kalkile alaswit enstriksyon ki soti nan FAQ 10 Etap 1, sinon antre 0.
- **Etap 4:** Kalkile pri pewòl mwayen chak mwa (ajoute Etap 2 ak Etap 3 ansanm epi divize sòm sa a pa kantite mwa fonsksyònman soti 2019 pou rive fen 2020).
- **Etap 5:** Miltipliye depans pewòl mwayèn chak mwa nan Etap 4 pa 2.5.<sup>24</sup>

Deklarasyon sou revni aplikab ou a (Fòm 1040 Schedule C, Fòm 1040 Schedule F, oswa Fòm 1065 (ki gen ladan K-1s)) soti 2019 (si sa aplikab) ak 2020 yo dwe bay pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Fòm IRS 2019 941 Schedule C, Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo eta pou chak trimès antite a (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Deklarasyon Salè IRS ak Enpo), ansanm ak papyè nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan, dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Mete sou sa, ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papyè menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa. Si patenarya pa gen anplwaye, yon fakti, etakont labank, oswa rejis ki montre patenarya tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020 fèt pou bay olye.

- 12. Kesyon:** Si mwen te itilize depans pewòl nan 12 mwa anvan yo lè mwen te kalkile montan Prè PPP Premye Tiraj mwen an, èske mwen ka kontinye sèvi ak chif sa yo pou kalkile montan Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an?

**Repons:** Non, depans pewòl nan peryòd egzak 12-mwa anvan Prè PPP Premye Tiraj la pa ka itilize pou kalkile montan Prè PPP Dezyèm Tiraj la. Nenpòt pretè lajan ki itilize depans pewòl nan 12 mwa anvan yo lè yo kalkile montan Prè PPP Premye Tiraj la ka kalkile kantite lajan pou montan Prè PPP Dezyèm Tiraj la lèl sèvi avèk depans pewòl ane kalandriye 2019 oswa ane kalandriye 2020.<sup>25</sup> Yon pretè lajan ki te itilize ane kalandriye 2019 pou montan Prè PPP Premye Tiraj li a ka kontinye fè sa.

- 13. Kesyon:** Èske mwen ka antre kòd 72 NAICS sou aplikasyon Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an si liy kòd aktivite biznis la te rete vid sou dènye deklarasyon revni biznis mwen an?

**Repons:** Si yon antre pou liy sa a manke nan deklarasyon taks ou, ou ta dwe rapòte kòd endistri ki pi aplikab nan aktivite biznis prensipal biznis ou an. Si biznis ou a nan sektè

---

<sup>24</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou a nan sektè akomodasyon ak Sèvis Manje ak kòd aktivite biznis ou rapòte sou dènye deklarasyon taks sou revni an (IRS Fòm 1040 Skedil C liy B pou travayè endepandan ki pa kiltivatè oswa elvè ak Fòm 1120-S item B pou patenarya) kòmanse ak 72.

<sup>25</sup> Pretè ki pa yon travayè endepandan (ki gen ladan antrepriz ak yon sèl pwopriyete ak antrepriz endepandan) otorize tou pou yo sèvi ak peryòd egzak 1 ane a anvan dat Prè PPP Dezyèm Tiraj la te fèt pou kalkile depans pewòl si yo chwazi pa sèvi ak 2019 oswa 2020.

akomodasyon ak sèvis manje (egzanp, yon otèl, restoran, ba), ou ka sèlman rapòte yon Kòd NAICS kòmanse avèk 72 si ou ka pwouve sa ak dokiman altènatif, tankou pèmi oswa lisans ki soti nan gouvènman lokal yo, ki inik nan sektè sa a.

- 14. Kesyon:** Anplis kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante, ki lòt kontribisyon anplwaye anvan taks pou benefis sou kote ki te ka eskli nan Fòm IRS 941 Salè Medicare ki ka & konsèy ki fè pati salè anvan taks anplwaye a?

**Repons:** Kontribisyon anplwaye ak dediksyon nan salè pou aranjman depans fleksib (FSA) oswa lòt benefis ki pa ka takse nan yon plan kafeterya seksyon 125, avantaj transpò oswa paking kalifye (jiska \$270 yon mwa), ak asirans vi gwoup (pou jiska \$50,000 pwoteksyon) te ka eskli nan Fòm IRS 941 Salè Medicare ki takse ak tep yo. Sepandan, kontribisyon anplwaye anvan-taks nan plan retrèt rantre nan salè Medicare ki takse & tep epi pa ta dwe ajoute nan chif sa a pou rive nan salè anvan taks.

- 15. Kesyon:** Ki jan yon pretè ta dwe peye taks federal pou detèmine depans pewòl li yo pou rezon prè maksimòm lan, itilizasyon admisib nan yon prè PPP, ak kantite lajan yon prè ki ka padonnen?

**Repons:** Depans pewòl yo kalkile sou yon baz global san konsidere taks federal yo enpoze oswa kenbe, tankou patisipasyon anplwaye ak patwon nan Lwa sou Kontribisyon Asirans Federal pou anplwaye ak anplwayè a (FICA) ak enpo sou revni yo oblije retire nan salè anplwaye yo. Kòm yon rezilta, yo pa retire taks yo enpoze sou anplwaye nan depans pewòl e anplwayè a oblije kenbe. Sepandan, depans pewòl yo pa enkli patisipasyon patwon an nan taks pewòl la. Pa egzanp, revni yon anplwaye ki te touche \$4,000 chak mwa nan salè anvan taks, epi yo te retire ladann \$500 taks federal, konte kòm \$4,000 nan depans pewòl yo. Sepandan, pewòl taks federal kote anplwaye a te enpoze sou \$4,000 salè eskli nan kou pewòl yo anba regleman an.<sup>26</sup>

- 16. Kesyon:** Èske gen yon limit sou kantite lajan Prè PPP Dezyèm Tiraj yon gwoup antrepriz ka resevwa?

**Repons:** Wi, biznis ki fè pati menm gwoup antrepriz la pa ka resevwa Prè PPP Dezyèm Tiraj la nan yon kantite total ki plis pase \$4 milyon. Pou rezon limit sa a, biznis yo fè pati yon sèl gwoup antrepriz si yon paran komen posede majorite a, dirèkteman oswa endirèkteman.

---

<sup>26</sup>Definisyon pou “depans pewòl” nan Lwa CARES la, 15 U.S.C. 636(a)(36)(A)(viii), eskli “taks enpoze oswa kenbe anba chapit 21, 22 ou 24 nan Kòd Revni Entèn 1986 la pandan peryòd kouvèti a”. Jan sa dekri pi wo a, SBA entèprete ke lwa eskliyon sa vle di ke depans pewòl yo kalkile sou salè brit la, san retire taks federal ki enpoze sou anplwaye a oswa lajan ki soti sou anplwaye a. Kontrèman ak taks pewòl anplwayè a, kailte taks sa yo sou anplwaye a dabitid soti sou fòm yon rediksyon nan montan reyèl anplwaye a resevwa a; eskliyon yo apati definisyon kou pewòl yo vledi kou pewòl la pa ta dwe redui sou baz taks ki enpoze sou anplwaye a oswa montan ki retire sou anplwaye a. Entèpretasyon sa pa depaman avèk tèks estati a epi sipòte objektif lwa pou asire travayè yo kontinye resevwa salè ak epi kenbe travay yo. Pi lwen, akòz peryòd referans pou detèmine montan maksimòm prè a pral byen lontan vini nèt anvan peryòd kote moun ki bezwen prete yo pral tonbe anba restriksyon yo sou itilizasyon otorize pou prè yo, nan sousi pou detèmine itilizasyon otorize prè yo ak montan nan prè yo ki pap remèt, eskliyon legal sa pral aplike nan sa ki konsène taks ki enpoze oswa kenbe nenpòt lè, pa sèlman pandan peryòd sa a.



- 17. Kesyon:** Mwen se yon travayè endepandan epi mwen pa gen anplwaye. Kouman pou mwen kalkile kantite lajan maksimòm Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an (jiska \$2 milyon) si mwen itilize revni brit?

**Repons:** Ou dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm ou ka prete si ou se yon moun kap travay ak tèt ou epi ou pa gen anplwaye, epi rezidans prensipal ou se nan peyi Etazini, san bliye si w se yon antreprenè endepandan oswa ap jere yon entrepriz kòm sèl pwopriyetè (men pa si se ou yon asosye nan yon patenarya; gade kesyon #4), epi si ou itilize revni brit:

- **Etap 1:** Jwenn kantite lajan revnit brit ou sou Fòm IRS 1040 2019 Skedil C liy 7.<sup>27</sup> Si kantite lajan sa se zewo oswa pi piti, ou pa kalifye pou yon prè PPP.
- **Etap 2:** Kalkile kantite revni brit mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 1 an pa 12). Si kantite lajan sa a plis pase \$8,333.33, bese l a \$8,333.33.
- **Etap 3:** Miltipliye kantite revni brit mwayèn chak mwa nan Etap 2 an pa 2.5.<sup>28</sup>

Fòk ou remèt Fòm IRS 2019 1040 Schedule C ou an pou jistifye kantite lajan prè PPP Dezyèm Tiraj ou aplike pou li a. Ou dwe bay tou yon Fòm IRS 1099-MISC 2019 kap bay detay sou konpansasyon moun ki pa anplwaye ou te resevwa (bwat 7), Fòm IRS 1099-K fakti, eta kont bankè, oswa rejis ki montre ou te travay ak tèt ou nan lane 2019 ak yon fakti 2020, eta kont bankè, oswa rejis ki montre ou tap fonksyone nan dat 15 fevriye 2020.

- 18. Kesyon:** Mwen se yon travayè endepandan epi mwen gen anplwaye. Kouman pou mwen kalkile kantite lajan maksimòm Prè PPP Dezyèm Tiraj mwen an (jiska \$2 milyon) si mwen itilize revni brit? (Se pou konnen kantite lajan soulajman prè PPP a ap depann, pou yon pati, sou montan total ki depanse pandan peryòd kouvri a touswit apre premye dekèsman prè PPP a.)

**Repons:** Ou dwe itilize metòd annapre a pou kalkile kantite lajan maksimòm ou ka prete si w se yon moun k ap travay ak tèt ou epi gen anplwaye, tankou si ou se yon antreprenè endepandan oswa ap jere yon biznis ki pou ou sèlman (men pa si ou se yon asosye nan yon patenarya; gade Kesyon #4) epi itilize revni brit):

- **Etap 1:** Jwenn kantite lajan revnit brit ou sou Fòm IRS 1040 2019 Skedil C liy 7.<sup>29</sup> Retire depans pewòl anplwaye 2019 ki te adisyone nan Fòm 1040 Skedil C liy 14, 19, ak 26.<sup>30</sup> Si kantite lajan sa a pi piti pase zewo, fikse kantite lajan sa a nan zewo.
- **Etap 2:** Divize kantite revni brit nan Etap 1 an pa 12. Si kantite lajan sa a plis pase \$8,333.33, bese l a \$8,333.33.

---

<sup>27</sup> Si w ap itilize kantite lajan 2020 epi ou poko ranpli yon deklarasyon 2020, ranpli li epi kalkile valè a.

<sup>28</sup> Miltipliye pa 3.5 si biznis ou a nan sektè lojman ak sèvis manje (NAICS Kòd 72) ak kòd aktivite biznis ki rapòte sou dènye IRS Fòm 1040 Schedule C liy B a kòmanse ak 72.

<sup>29</sup> Si w ap itilize kantite lajan 2020 epi ou poko ranpli yon deklarasyon 2020, ranpli pòsyon ki nesèsè yo epi kalkile valè yo.

<sup>30</sup> Nenpòt lòt depans pewòl anplwaye ki pa rapòte sou liy sa yo men ki enkli nan liy 28 depans total yo dwe retire tou nan revni brit la.

- **Etap 3:** Kalkile sòm total la:
  - Salè 2019 anvan taks ak tep ou peye anplwaye ou yo ki gen prensipal rezidans yo nan peyi Etazini, jiska \$100,000 pou chak anplwaye, ki ka kalkile lè w sèvi avèk:
    - Fòm IRS 941 2019 Salè Medicare ak tep ki ka takse (liy 5c-kolòn 1) nan chak trimès,
    - Plis tout kontribisyon anplwaye anvan taks pou asirans sante oswa lòt benefis sou kote yo pa mete nan salè Medicare Taksab & tep yo,
    - Mwens (i) tout kantite lajan yo peye a nenpòt anplwaye endividyèl ki depase \$100,000, ak (ii) nenpòt kantite lajan yo peye yon anplwaye ki gen prensipal rezidans li deyò peyi Etazini;
  - Kontribisyon anplwayè 2019 pou asirans sante gwoup, vi, andikap, zye, ak dan pou anplwaye (pòsyon nan IRS Fòm 1040 Orè C liy 14 atribiyab nan kontribisyon sa yo);
  - Kontribisyon travay la pou 2019 pou plan retrèt anplwaye (Fòm IRS 1040 Schedule C liy 19); ansanm ak
  - Taks eta ak lokal travay 2019 lan evalye sou konpansasyon anplwaye, taks chomaj onivo eta tou dabò (soti nan fòm pou rapòte salè chak twa mwa onivo eta).
- **Etap 4:** Kalkile depans pewòl mwayèn chak mwa (divize kantite lajan nan Etap 3 pa 12).
- **Etap 5:** Adisyone kantite lajan ki soti nan Etap 2 ak Etap 4 epi multipliyè pa 2.5.<sup>31</sup>

Fòm IRS 2019 1040 Schedule C, Fòm IRS 941 ak fòm deklarasyon enpo sou asirans chomaj salè chak twa mwa o nivo eta pou chak trimès (oswa dosye tretman pewòl ekivalan oswa Salè IRS ak Deklarasyon Enpo), ansanm ak papye nenpòt kontribisyon asirans sante oswa retrèt, vi, andikap, zye ak dan. dwe soumèt pou jistifye kantite lajan prè PPP ou aplike pou li a. Ou dwe founi yon etakont pewòl oswa papye menm jan soti nan peryòd salè ki kouvri 15 fevriye 2020 pou yo verfiye ou tap fonksyone epi ou te gen anplwaye nan dat sa.

**19. Kesyon:** Si mwen deklare yon revni yon fèm oswa ranch kòm yon LLC, antrepriz asosye ki kalifye, oswa patenarya, èske mwen ka itilize revni brit pou detèmine kantite lajan prè a?

**Repons:** Se sèlman kiltivatè ak fèmye kap travay ak tèt yo ki ranpli yon Fòm IRS 1040 Skedil F. ak Fòm 1040 yo epi deklare revni agrikòl Skedil F sou Fòm IRS 1040 Schedule 1 ki ka itilize revni brit pou detèmine kantite lajan prè a. LLC yon sèl manm

---

<sup>31</sup> Multipliyè pa 3.5 si biznis ou twouve l nan sektè Lojman ak Sèvis Manje epi kòd aktivite biznis ou deklare sou dènye Fòm IRS 1040 Skedil C liy B ou an kòmanse ak 72.

Nan dat 12 mas 2021

ak antrepriz asosye ki kalifye, jan IRS defini sa,<sup>32</sup> ki depoze Skedil F. ak Fòm 1040 yo kapab itilize revni brit pou detèmine kantite lajan prè yo. Sèl yon mari oswa madanm nan yon antreprizasosye kalifye ki ka soumèt yon aplikasyon prè PPP sou non antrepriz asosye kalifye a.

Patenarya ak patnè yo dwe kalkile montan prè yo jan sa ekri nan kesyon 4 pi wo a.

- 20. Kesyon:** Si mwen se moun kap travay ak tèt mwen ki kalifye pou itilize revni brit nan toulede Skedil C ak Skedil F pou kalkile montan prè a, kijan pou mwen kalkile montan prè a?

**Repons:** Kalkile kantite lajan maksimòm prè ou an swiv konsèy ki enpòtan pou kalkile kantite lajan maksimòm prè pou endepandan (swa avèk oswa san anplwaye) lè li sèvi avèk revni brit soti nan Schedule C ak separeman pou itilize revni brit soti nan Schedule F. Ajoute de rezilta yo ansanm pou kalkile kantite lajan maksimòm prè ou. Nan Kare A ki aplikab sou Fòm SBA 2483-SD-C a, ajoute kantite lajan toulede Skedil C ak Schedule F.

---

<sup>32</sup> Yon antrepriz asosoye kalifye pou rezon taks sou revni federal vle di (1) sèl manm antrepriz asosye a se yon koup marye ki pwodui yon deklarasyon ansanm epi yo chak depoze Skedil C oswa F avèk Fòm 1040 yo, (2) mari ak madanm gen gwo patisipasyon nan komès la oswa biznis la, epi (3) mari ak madanm chwazi pou yo pa trete yo kòm yon patenarya.